



**New Bedford Community Health**  
874 Purchase Street, New Bedford, MA 02740  
Telefòn: (508)-992-6553  
Faks prensipal: (508)-997-2498  
Faks Sèlman Dantè: (508)-984-7034

## Otorizasyon pou Lage Enfòmasyon Sante Ki Pwoteje

*Tanpri ekri an lèt detache*

Non: \_\_\_\_\_ Dat nesans: \_\_\_\_\_

Adrès: \_\_\_\_\_ Nimewo Telefòn: \_\_\_\_\_

Nimewo Dosye Medikal (**Anplwaye sèlman**): \_\_\_\_\_

Lè w siyen Otorizasyon sa a,

Mwen otorize itilizasyon oswa divilgasyon enfòmasyon konfidansyèl ak/oswa pwoteje sante mwen yo konsève pa ("enfòmasyon ki soti nan"):

Non: \_\_\_\_\_ Nimewo Telefòn: \_\_\_\_\_

Adrès : \_\_\_\_\_

Yo ka divilge enfòmasyon konfidansyèl ak/oswa pwoteje sou sante mwen dapre Otorizasyon sa a pou ("enfòmasyon pou"):

Non: \_\_\_\_\_ Nimewo Telefòn: \_\_\_\_\_

Adrès : \_\_\_\_\_

### **DOMÈN ITILIZASYON OSWA DIVILGASYON:**

**Tout enfòmasyon sante sou mwen**, enkli dosye klinik mwen yo (nòt, laboratwa, vaksen, elatriye), ki gen ladan yo tout enfòmasyon sikyatrik/alkòl oswa sou itilizasyon dwòg òganizasyon an kreye oswa resevwa, pou tout dat sèvis yo. Sa a **pa** enkli, si sa aplikab, enfòmasyon ki gen rapò ak VIH/SIDA, tès jenetik, oswa nòt sikoterapi yo.

Mete inisyal ou isit la si w ap bay otorizasyon:

\_\_\_\_\_ Kominikasyon **de-fason** ekri ak vèbal sou enfòmasyon pwoteje sou sante ant moun/pati ki endike anwo yo.

\_\_\_\_\_ Kominikasyon **de-fason** ekri ak vèbal enfòmasyon pwoteje sou sante ant moun/pati ki endike anwo yo.

\_\_\_\_\_ Mwen vle limite otorizasyon sa a nan dat espesifik sèvis yo:

---

### **DOMÈN ITILIZASYON OSWA DIVILGASYON: ENFÒMASYON KI GEN PWOTEKSYON ANPLIS**

Mete inisyal ou isit la si w ap bay otorizasyon:

\_\_\_\_\_ Enfòmasyon konsènan **VIH/SIDA**, ki enkli (i) si tès la te fèt oswa te kòmande, epi (ii) lè rezulta tès la disponib.

Enfòmasyon konsènan **tès jenetik**.

Enfòmasyon konsènan **nòt sikoterapi**.

### **OBJEKTIF ITILIZASYON OSWA DIVILGASYON:**

Tcheke rezon (yo) pou Otorizasyon sa a.

Kowòdinasyon Tretman       Transfè Swen

Legal       Pèsonèl

Lòt \_\_\_\_\_

Mwen konprann ke sèten lwa federal, ki gen ladan yo Lwa sou Pòtabilité ak Responsabilite Enfòmasyon Sou Sante 1996 (Health Information Portability and Accountability Act (HIPAA)) 45 C.F.R. pati 160 ak 164, pèmèt founisè yo ak lòt òganizasyon swen sante yo chanje anpil enfòmasyon sou sante mwen san konsantman mwen pou yo ka ba mwen tretman, resevwa peman pou swen mwen, jere ak kowòdone swen mwen. Mwen konprann ke pwofesyonèl swen sante sa yo, ansanm ak anplwaye yo, pèsonèl yo, ak antite yo kontrakte yo, ka bay oswa resevwa enfòmasyon medikal mwen pou evalye sa mwen bezwen, bay sèvis pou mwen, epi kowòdone swen mwen. Mwen konprann se sèlman founisè yo ki bezwen kowòdone yon aspè patikilye nan swen mwen an ap bay oswa resevwa enfòmasyon sou aspè swen mwen an. Anplis de sa, mwen konprann ke founisè swen sante mwen yo gen pèmisyon oswa lalwa oblige bay kèk nan enfòmasyon medikal mwen san konsantman mwen bay lòt founisè swen sante, ajans sante piblik, ak lapolis pou rezon ki gen ladan yo men pa limite a ijans medikal, rapò kalite, odit, krim kont moun ak pwopriyete, ak sèten lòd legal. Mwen konprann ke Sante Kominotè New Bedford (New Bedford Community Health (NBCH) pa responsab pou re-divilgasyon enfòmasyon sou sante mwen avèk otorizasyon oswa san otorizasyon pa founisè k ap resevwa yo. Mwen konprann ke dosye mwen sou pwoblèm itilizasyon sibstans yo pwoteje anba lwa federal, 42 C.F.R. Pati 2, epi yo pa ka divilge san konsantman alekri sof si règleman yo prevwa otreman.

Mwen rekonèt yo te fè m konnen dwa mwen konsènan konfidansyalite enfòmasyon/dosye tretman mwen yo dapre HIPAA ak 42 C.F.R. Pati 2, epi mwen rekonèt tou mwen konprann dwa sa yo. Avèk siyati mwen anba a, mwen rekonèt ke mwen te bay konsantman mwen jan sa endike anwo a lib, volontèman, epi san fòse. Mwen konprann mwen gen dwa pou revoke konsantman sa a nenpòt ki lè; sepan dan, nenpòt enfòmasyon ki te deja echanje pa ka reprann. **Si mwen pa anile konsantman sa a, li pral ekspire yon ane apre "Dat siyati" konsantman sa a.**

Non ekri an lèt detache: \_\_\_\_\_ Dat nesans: \_\_\_\_\_

Siyati Pasyan: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

Siyati paran/gadyen legal: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_